दिन–गुरूवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–26.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय पुनः कहलक अछि जे देश मे पेट्रोल, डीजल आ एलपीजी आपूर्ति के स्थिति पूर्ण रूपेण सुरक्षित आ नियंत्रण मे अछि। सभ विक्रय केन्द्र पर पर्याप्त मात्रा मे इंधन अछि आ देश मे कतहु पेट्रोल, डीजल अथवा एलपीजी के कमी नहि अछि। मंत्रालय नागरिक लोकनि सँ जानि–बुझि कऽ पसारल जा रहल भ्रामक संवाद सँ भ्रमित नहि हेबाक अनुरोध कयलक अछि। भारत के आइ विश्वभरि के एकतालीस सँ बेसी आपूर्तिकर्ता लोकनि सँ कच्चा तेल प्राप्त भऽ रहल अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे हरेक भारतीय रिफाईनरी सय प्रतिशत सँ बेसी क्षमता पर चलि रहल अछि।

---

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा कहलनि अछि जे घरेलू गैसक समस्या एखन एक वैश्विक समस्या बनल अछि। ओ पटना मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे एहि मे हमर देश सेहो एहि सँ प्रभावित अछि। श्री कुशवाहा कहलनि जे एहेन परिस्थिति मे सभ राजनीतिक दल के एक संग भऽकऽ राष्ट्रक हित मे ठाढ हेबाक चाही।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे राज्यक सुदूर क्षेत्र सभ सँ राजधानी पटना धरि छओ घंटा मे पहुंचबाक लक्ष्य वर्ष दू हजार सोलहे मे पूरा कऽ लेल गेल छल। आब एकरा घटा कऽ पांच घंटा कयल जा रहल अछि। श्री कुमार समृद्धि यात्राक पांचम चरणक अंतिम दिन आइ नालंदा जिलाक बिहार शरीफ मे जनसंवाद के संबोधित कऽ रहल छलाह। मुख्यमंत्री जिला मे आठ सय दस करोड़ टाकाक लागति बला दू सय सोलह योजना सभक शिलान्यास आ उद्‌घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे जिलाक एक हजार छप्पन करोड़ टाकाक लागति बला विभिन्न परियोजना सभक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार विभिन्न विकास का कल्याणकारी योजना सभक समीक्षा सेहो कयलनि।

---

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन काज सँ बिहारवासी लोकनि के विकासक उत्सव के अवसर देलनि अछि। श्री नवीन पटना बापू सभागार मे समृद्धि यात्राक दरमियान जनसंवाद करैत कहलनि जे राज्य विकासक अपन गति पर उत्सव के एहि वातावरण मे लगातार आगां बढ़त। ओ नीतीश कुमारक सुशासन के सराहना करैत कहलनि जे ओ राज्य के निराशा के दौर सँ बहार निकालि कऽ विश्वासक संग विकास सँ जोड़लनि अछि।

———————————————————

चैती नवरात्रक आठम दिन आइ मां दुर्गाक अष्ठम स्वरूप महागौरी के पूरा विधि—विधानक संग पूजा—अर्चना कयल जा रहल अछि। पटनाक प्रसिद्ध शक्तिपीठ पटनदेवी, मधुबनी जिलाक उचैठ भगवती मंदिर आ दरभंगा जिलाक श्यामा माय मंदिर सहित मिथिलांचल आ पूरा प्रदेशक मातृशक्ति मंदिर सभ पर भक्त लोकनिक भोरहि सँ भीड़ लागल अछि। कतेको पूजा—पंडाल मे आइ कन्या पूजन के सेहो आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————

रामनवमी के पावनि काल्हि संपूर्ण प्रदेश मे पारंपरिक श्रद्धा आ उत्साह के संग मनाओल जायत। एहि अवसर पर विभिन्न धार्मिक संगठन द्वारा झांकी निकालल जायत। पटना जंक्शन स्थित महावीर मंदिर के पट दर्शनक लेल आइ राति दू बजे सँ खोलि देल जायत। एम्हर, रामनवमी के लऽकऽ प्रदेश भरि मे सुरक्षा के व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार जनौलनि जे सुरक्षा बल के तैंतालीस अतिरिक्त कंपनी के तैनाती कयल गेल अछि।

———————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रामनवमी के अवसर पर देशवासी लोकनि के शुभाकमना देलनि अछि। अपन संदेश मे राष्ट्रपति कहलनि जे भगवान राम के जीवन सदिखन समाज के प्रति अपन कर्तव्यक निर्वहन करबाक लेल प्रेरित करैत अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पर एक वीडियो साझा करैत कहलनि जे भगवान रामक आदर्श मात्र भारतक नहि अपितु समस्त मानवता के आनंत काल धरि मार्गदर्शन करैत रहत। एम्हर, बिहार विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार सेहो प्रदेशवासी लोकनि के रामनवनमी के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————

पश्चिमी विक्षोभक एक बेर पुनः सक्रिय हेबाक कारण प्रदेशक बेसीतर भाग मे मौसम मे परिवर्तन आयल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत राज्यक किछु भाग मे तेज गति के संग हवा चलला सँ तापमान मे किछु कमी दर्ज कयल गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत सुपौल, अररिया, किशनगंज, कटिहार, बांका, भागलपुर सहित राज्यक दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग सँ मे कतेको ठाम ठनका खसबाक संगहि अन्हर–पानि हेबाक संभावना अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–मध्य आ उत्तर–पश्चिम भाग मे किछु स्थान पर सेहो ठनका खसि सकैत अछि।

———————————————————————

कटिहारक सांसद तारिक अनवर ओलावृष्टि सँ क्षेत्रक किसान लोकनि के भेल फसलि क्षति के लेल मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के पत्रक माध्यम सँ मोआवजा के मांग कयलनि अछि। श्री अनवर मुख्यमंत्री सँ अनुरोध कयलनि अछि जे प्रभावित किसान लोकनि के फसलि क्षति मोआवजा के तत्काल भोगतान कयल जाय। ओ फसलि बीमा दावा के प्रक्रिया के सुगम बनेबाक आ ऋण असूली पर रोक लगेबाक सेहो मांग कयलनि अछि।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अठाईस मार्च के मधुबनी जिलाक पंडौल मे सावी लेदर टेक्सलाईल इकाई के उद्घाटन करताह। एहि इकाई के शुरू भेला सँ स्थानीय स्तर पर वृहद संख्या मे रोजगारक अवसर बढ़त।

पटनाक बिहटा स्थित आईआईटी इन्क्यूवेशन सेंटर के स्थापनक दस वर्ष पूरा भऽ चुकल अछि। सूचना प्रावैधिकी मंत्री श्रेयसी सिंह एहि अवसर पर आयोजित कार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि।

———————————————————————

समाप्त